

La Bib pou ti moun  
prézanté



Wa elegan  
ak fou  
(ensanse) a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest  
Alastair Paterson

Adapté pa : Lyn Doerksen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,  
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Samyèl, Jij ak chèf nan peyi Izrayèl, te granmoun. Li te nonmen pitit gason li yo kòm jij Izrayèl, pou yo te pran plas li nan sèvis Bondye. Men, pitit gason Samyèl yo te mekan. Yo te renmen lajan epi yo te itilize pouvwa yo pou yo te vin rich yon fason malonèt.




Pèp Izrayèl la t ape soufri akòz de pitit gason  
mechan sa yo. Sèvitè yo te arogan. Pèp la te dwe  
peye pitit gason Samyèl yo chak fwa yo te mande sa.



Genyen yon bagay ki te dwe rive. Yon jou, ansyen  
Izrayèl yo te rasanble epi yo te mande Samyèl èd li.




"Ban nou yon wa ki pou jije nou," yo te mande. Yo pa te vle pitit gason Samyèl yo pou jije yo ankò. Yo te vle yon wa, tankou nasyon vwazen yo te genyen an.



Samyèl te fache. Izrayèl te deja genyen yon wa !  
Bondye Toupuisan an, Letènèl, t ap dirije Izrayèl.  
Sa gen lontan, Li te libere yo nan esklavaj nan peyi  
Lejip, li te fann Lanmè Wouj la  
pou yo te kapab chape.






Après ça, Li te bay  
Izrayèl yon bèl peyi.



Lè Samyèl te priye, Senyè a di li : "Se pa w menm yo te rejte a, se mwen menm yo te rejte, pou m pa te kapab gouvènen yo ankò. Yo te sèvi lòt dye. Koute vwa yo, ba yo yon wa."





Bondye te mande  
Samyèl pou l avèti  
pèp la wa lachè yo  
a t apral pran lajan  
yo nan taks, li pral  
pran pi bon jaden  
yo ak pye rezen yo,  
l apral anwole pitit  
gason yo nan lame  
li a, epi fè pitit fi  
yo travay pou li.



ROYAL VINEYARD

Men pèp la te vle  
yon wa san gade  
dèyè (kèlkeswa  
pri a).



Bondye te mennen Samyèl bò kote yon  
jèn gason ki te bèl anpil, ki te timid anpil,  
epi ki te PITI anpil. Pi piti pase tèt yon  
lòt moun. Li te rele Sayil  
(Saül). Lè Samyèl te wè  
Sayil, Letènèl di li :  
"Se li menm ki pral  
gouvènen pèp  
mwen an."




Avèk obeyisans,  
Samyèl te beni Sayil  
wa Izrayèl. Lè li te  
prezante Sayil bay pèp  
Izrayèl la, yo te rele  
byen fò: "Viv wa a !"



Sayil te pase anba eprèv byen vit. Amonit yo, ki te rayi Izrayèl, te antoure yon vil Izrayelit epi yo te menase pou yo rache je dwat tout gason yo. Ala yon plan kriyèl ! Nouvèl menas sa a te rive jwenn wa Sayil, li te

prepare lame li a.






Lè de lame yo te  
rankontre, Sayil  
te bat Amonit yo  
epi li te sove vil  
la. Wa Sayil te  
bay Bondye glwa,  
li te di : "... jodi  
a Letènèl te  
opere yon  
delivrans pou  
Izrayèl !"



Bondye te bay Sayil yon gwo viktwa jou sa a. Men, Sayil pa te toujou onore Bondye. Yon jou, anvan yon batay ak Filisten yo, Sayil te ofri yon sakrifis bay Bondye. Li te konnen se te travay Samyèl. Li te


konnen Bondye te vle pou Sayil tann jiskaske Samyèl vini pou li fè sa. Men, Sayil te dezobeyi Bondye !



Lè Samyèl te rive, li di Sayil : "Ou te aji tankou moun fou. Ou pa te respekte lòd Seyè Bondye w la. Kounye a, rèy ou a p ap dire." Sayil te kapab panse se te yon ti peche. Men, dezobeyi Bondye te toujou grav.



Yon lòt fwa, Bondye  
te bay Sayil lòd pou li  
detwi pèp mechan  
Amalèk yo.



Men, Sayil ak  
pèp li a te kite  
Agag vivan, wa  
Amalèk yo. Li  
te epaye tou pi  
bon mouton ak  
pibon bèf yo.  
Sayil te di li te  
kenbe yo pou l  
ofri yo kòm  
sakrifis bay  
Letènèl.





Samyèl di Sayil  
"Obeyisans pi bon  
pase sakrifis yo.  
Ou te rejte pawòl  
Letènèl la, epi  
Letènèl ap rejte w  
pou w pa wa Izrayèl  
ankò." Sayil te  
regrèt peche li a  
anpil anpil, men li te  
twò ta. Fen lavi li  
te mizerab, paske li  
pa t obeyi Letènèl.



Wa elegan ak fou (ensanse) a  
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,  
Nap jwen-n nan

1 Samyèl 8-16

"Pawòl Bondyé poté limyè."  
Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé  
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou  
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl  
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé  
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résité, é Li monté nan  
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout  
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan  
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyè sa :  
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri  
pou mwen épi ou résité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné  
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè  
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.  
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

